



ENTWODIKSYON

Antanke kominote ki kòmanse ap rekipere de efè devastatè Siklòn Sandy, li enpòtan pou'n rekonèt leson nou aprann yo epi anplwaye aksyon rediksyon risk ki asire nou ke biling yo rekonstwi pi solid, pi an sekirite epi mwens vilnerab a eveneman inondasyon k'ap vini.

Avan Siklòn Sandy, Ajans Federal Jesyon Ijans lan (FEMA: Federal Emergency Management Agency) ki gen chaj jesyon Pwogram Nasyonal Asirans kont Inondasyon an (NFIP: National Flood Insurance Program), t'ap reetidyé zòn bò lanmè New Jersey ak New York yo pou mete a jou Kat Asirans Inondasyon yo (FIRM: Flood Insurance Rate Maps). Yo te planifye pou livre epi voye kat sa yo bay eta ak ofisyèl lokal yo nan mitan ane 2013 la. Paske FIRM ki egziste deja pou zòn sa yo te devlope depi plis pase 25 an epi FIRM ki a jou yo pako finalize, FEMA detèminine ke li vital pou founi yon Baz Konsilitatif Inondasyon (ABFE : Advisory Base Flood Elevations) a kou tèm pou sipòte efò rekonstriksyon yo.

ABFE yo devlope lè yo itilize syans ak jeni ki soti nan done ki pi resan ak pi bon metòd etid konpare ak FIRM ki egziste deja yo. ABFE yo gen anpil chans pou montre nivo inondasyon ki pi wo pase regilasyon FIRM aktyèl yo. Pwopriyetè kay ak biznis ta dwe wè ak ofisyèl konstriksion lokal ya a pou yo konprann nèt egzijans pou itilize ABFE yo nan efò rekonstriksyon yo.

ABFE yo ap disponib pou tout oswa kèk pòsyon nan pwovens sa yo:

- Pwovens New Jersey: Atlantic, Bergen, Burlington, Cape May, Essex, Hudson, Middlesex, Monmouth, Ocean, and Union.
- Pwovens New York: Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens, and Westchester.

Pou'w wè ekstansyon konplè zòn ABFE yo ap pibliye yo, tanpri ale sou:
www.Region2Coastal.com.

Pou eksplike pi byen enplikasyon ABFE yo, FEMA te prepare dokiman sa a ki genyen kesyon yo poze souvan yo.



1. KESYON JENERAL SOU BAZ KONSILTATIF INONDASYON (ABFE: ADVISORY BASE FLOOD ELEVATION)

1.1 KISA BAZ KONSILTATIF INONDASYON (ABFE: ADVISORY BASE FLOOD ELEVATIONS) YO YE?

ABFE yo se evalyasyon natirèl epi ki pi egzak ki montre 1% chans pa ane pou gen danje inondasyon nan yon zòn done. Swit a gwo evenman siklonik tankou Siklòn Sandy, FEMA fè yon evalyasyon pou detèmine si 1% chans pa ane pou gen evenman inondasyon ki prezante sou FIRM ki an aplikasyon yo montre byen danje inondasyon aktyèl la. Nan kèk ka, akoz laj analiz yo ak itilizasyon la syans pou devlope FIRM ki an aplikasyon yo, FEMA detèmine ke gen nesesite pou pwodwi ABFE yo. Yo bay ABFE yo a kominate yo kòm zouti pou sipòte yo nan rekiperasyon nan fason k'ap fè yo pi rezistan a tanpèt k'ap vini.

1.2 ESKE FEMA TE PIBLIYE ABFE YO NAN TAN LONTAN? SI WI, KI KOTE, E ESKE'L TE GEN SIKSÈ?

Wi, FEMA te devlope ABFE aprè Siklòn Katrina an 2005. Anpil kominate te adopte ABFE yo nan Louisiana ak Mississippi, ki te fè ke pwopriyetè kay ak biznis fè konstriksyon ki pi siperyè epi pi an sekrite. Sa ki vle di tou, peye kotizasyon asiris kont inondasyon ki pi piti, depi nivo inondasyon yo te adopte nan FIRM ki korije yo plizyè ane aprè.

1.3 POU KI PWOVENS NAN NEW JERSEY AK NEW YORK ABFE YO AP PIBLIYE?

ABFE yo ap pibliye pou tout oswa kèk pòsyon nan pwovens sa yo nan New Jersey ak New York:

Pwovens New Jersey: Atlantic, Bergen, Burlington, Cape May, Essex, Hudson, Middlesex, Monmouth, Ocean, and Union.

Pwovens New York: Bronx, Kings, New York, Richmond, Queens, and Westchester.

Enfòmasyon sa a ap disponib an Desanm 2012. Pou'w wè ekstansyon konplè zòn ABFE yo ap pibliye yo, tanpri ale sou: www.Region2Coastal.com.

1.4 KIJAN ABFE YO AP DEVLOPE POU PWOVENS KI TOUCHE PA SIKLON SANDY YO?

FEMA ap itilize metòd etid sou zòn bò lanmè ki ajou ak done topografik nan zòn bò lanmè New Jersey ak New York. ABFE sa yo ap baze sou travay ki deja an kou a epi montre yon analiz sou zòn bò lanman ki ajou.



1.5 KI ENFÒMASYON ABFE YO AP GENYEN K'AP DISPONIB POU AKSYONÈ YO?

ABFE yo ap genyen evalyasyon nivo risk inondasyon bò lanmè ak kat evalyasyon ki asosye. Enfòmasyon sa a ap genyen sa ki swiv yo:

Kouch Done Konsilitatif pa Pwovens: Kouch jewospasyal ki reprezante ABFE yo ak zòn ki inonde ki ajou yo (ki genyen men ki pa limite a Evalyasyon Danje Inondasyon Zòn A, Evalyasyon Danje Inondasyon Zòn V, Limit Aksyon Vag Modere (LiMWA: Limit of Moderate Wave Action), ak Zòn Aksyon Vag Modere, yo rele tou Zòn Kotyè A (Coastal A Zone)), mak dlo ki wo yo kolekte ki montre enpak Siklòn Sandy, ak Limit Zòn Kotyè Pèch ak Fón Ameriken an ke kominote yo ka antre done nan sistèm GIS ki egziste deja yo pou ede pran desizyon nan repatisyon zòn, konstriksyon epi redevelopman.

Evalyasyon Kat pa Pwovens: Kat pano ki reprezante done jewospasyal ki site anlè yo. Kat konsilitatif sa yo ap montre nivo inondasyon ki pi wo e nan kèk ka, zòn bò lanmè inondasyon ka rive pi lwen ladan yo.

Rapò Metòd pou ABFE yo: Yon rapò ki rezime metòd, sipozisyon ak sous done yo itilize pou devlope kouch done konsilitatif ak kat yo.

1.6 KILE ABFE YO AP DISPONIB?

Travay yo deja ankou pou prepare ABFE yo. FEMA espere livre ABFE yo an Desanm 2012.

1.7 KILÈS KI DWE ITILIZE ABFE YO?

Kominote yo dwe itilize ABFE yo pou nenpòt aktivite Rekiperasyon oubye Rediksyon risk FEMA (pa egzanp Asistans Piblik, Sibvansyon pou Rediksyon Danje). Anplis, FEMA rekòmande ke ofisyèl kominote yo ak ofisyèl konstriksyon ak jesyon plèn ki inodab yo, pwopriyetè kay, pwopriyetè biznis, achitèk, konstriktè ak enjenyè itilize enfòmason sa yo paske ABFE yo ap reprezante pi egzakteman danje inondasyon aktyèl yo.

1.8 KIJAN NOU KA JWENN AKSÈ A ABFE YO?

ABFE yo ap disponib nan Sit Entènèt Coastal Region II FEMA a nan www.Region2Coastal.com. Sit entènèt sa a genyen ladan'l tou konsèy pou pèmèt itilizasyon pou pran desizyon ki eklere konsènan rekonstriksyon kominote yo.

1.9 KOMAN ENFÒMASYON KONSILTATIF YO AP PRAN AN KONT ENPAK SIKLÒN SANDY YO?

Yo pap pran an kont manitid ak pakou Siklòn Sandy nan analiz zòn bò lanmè ki ajou ABFE yo. FEMA sèvi ak pwopabilite estatistik istwa tanpèt yo kòm baz pou mete ajou analiz zòn bò lanmè a, ki pa genyen okenn evenman endependan nan sa ki pase yo. Istwa tanpèt ki gen menm trajè



ak manitid ak Siklòn Sandy kontabilize nan analiz estatistik, e enklizyon Siklòn Sandy pap afekte rezulta ABFE yo oswa reprezentasyon evalyasyon zòn inondasyon yo. FEMA ap montre nivo espesifik mak dlo yo obsève a pati Siklòn Sandy jan yo montre'l sou kat konsilitatif yo ke Ankèt Jewolojik Etazini te kolete a. Epitou, nan chak seksyon enfòmasyon kat pano konsilitatif yo, yap montre gwo elevasyon vag ki te rive swit a Siklòn Sandy.

1.10 POUKISA KÈK NIVO ABFE YO PI WO PASE SA YO PREZANTE SOU FIRM KI AN APLIKASYON YO?

Risk inondasyon ka chanje nenpòt lè akoz chanjman klima, popilasyon, devlopman anndan epi toutotou kominate, ak lòt faktè. Nivo Elevasyon Inondasyon (BFE: Base Flood Elevations) yo montre sou FIRM ki an aplikasyon yo baze sou etid yo te fè depi 25 an. ABFE yo baze sou enfòmasyon ki soti nan etid katografi sou risk inondasyon ki te an kou avan Siklòn Sandy epi ki genyen ladan'l plis done sou inondasyon depi 25 an ak done topografik ki ajou. Kòm konsekans, ABFE yo ap montre nivo dlo ki pi wo pase BFE yo montre nan FIRM ki an aplikasyon konye a yo.

1.11 POUKISA ABFE YO MONTRE NIVO KI PI BA PASE NIVO INONDASYON SIKLÒN SANDY YO?

ABFE yo baze sou 1% chans evenman inondasyon pa ane. Nan kèk zòn, ABFE yo ka montre nivo dlo ki pi ba pase Siklòn Sandy paske Sandy te yon evanman ki pi entans ke 1% chans inondasyon pa ane nan kèk zòn. Nivo 1% chans inondasyon pa ane se nòm NFIP pou jesyon plèn inondab yo. Fòk ou note ke biznis ki konstwi selon nòm sa yo toujou sansib a efè pi gwo evenman tankou Siklòn Sandy.

2. KESYON JESYON PLÈN KI INONDAB SOU ITILIZASYON ABFE YO AK KAT KONSILTATIF POU REKONSTRIKSYON

2.1 ÈSKE KOMINOTE PA'M NAN OBLIJE SÈVI AK KAT AK ABFE KONSILTATIF YO POU REKONSTRIKSYON POU YO KA TOUJOU KALIFYE POU PATISIPE NAN NFIP?

Non. Yon kominote k'ap patisipe nan NFIP pa oblige itilize kat ak ABFE konsilitatif yo. Kat ak ABFE Konsilitatif yo bay kominote yo yon estimasyon minimòm nivo inondasyon ak zòn danje inondasyon ke yo ka itilize pandan rekonstriksyon pou minimize domaj a lavni.



2.2 KI BENEFIS KOMINOTE'M NAN AP GENYEN LÈ LI ITILIZE OSWA ADOPTÉ ABFE YO AK KAT KONSILTATIF YO?

Lè'w itilize ABFE yo pou rekonsstriksyon, sa ka diminye vilnerabilite biling yo kont inondasyon ak domaj inondasyon. Lè'w konstwi biling ak ABFE sa ka diminye depans asirans kont inondasyon, ni depans pou rekipere nan lòt evenman siklòn ak inondasyon k'ap vini. Pandan depans inisyal pou rekonsstriksyon ak ABFE yo ka lejèman pi elve, kominote yo ak pwopriyetè kay ak biznis yo ap fè ekonomi a lon tèm lè yo gen biling ki pi rezistan a domaj inondasyon ki koute chè. FEMA ap bay asistans teknik a kominote k'ap adopte epi aplike ABFE yo ak kat konsilitatif yo.

2.3 SI KOMINOTE'M NAN DESIDE METE AN PRATIK ABFE YO, ÈSKE L'AP DWE AMANDE RÈGLEMAN JESYON PLÈN INONDAB LI A EPI/OSWA KÒD ENTÈNASYONAL KONSTRIKSYON® POU'L REFLETE ABFE YO?

An jeneral, wi. Kominote a ap bezwen aplike ABFE yo epi jesyonè plèn inondab ou a ap bezwen mete an pratik règleman amande yo.

2.4 NAN ZÒN KOTE NIVO ENPAK SIKLON SANDY YO DEPASE PA ABFE YO, ÈSKE KOMINOTE YO DWE KONSTWI PI WO?

Wi Se yon bon pratik pou konstwi pi wo. Kèk opsyon ke kominote ak pwopriyetè kay genyen pou bay plis pwoteksyon se:

- Aplike oswa sèvi ak freeboard anplis de ABFE yo.
- Yo egzije itilizasyon pil oubyen kolòn pou monte nivo biling rezidansyèl yo nan Zòn V yo. Anplis yo ka mande sa nan zòn AE ki egziste deja yo.

2.5 ÈSKE KOMINOTE'M NAN KA APLIKE OBLIGASYON FREEBOARD ANPLIS DE NIVO ELEVASYON INONDASYON (BFE: BASE FLOOD ELEVATIONS) YO KÒM YON LÒT SOLISYON NAN APLIKASYON ABFE YO?

Wi, Sepandan kominote yo ta dwe fè atansyon lè yap aplike BFE yo plis freeboard si yo pi ba ke ABFE yo. Biling ki konstwi selon BFE plis freeboard ap pi sansib a domaj inondasyon ke biling ki konstwi selon nòm ABFE oswa ki pi siperyè.

Anplis, pwopriyetè kay ak kominote yo bezwen konnen ke tarif asirans yo ap afekte tou pa Lwa Biggert-Waters sou Refòm Asirans kont Inondasyon 2012 la, ki òdone eliminasyon sibvansyon kotizasyon asirans kont inondasyon yo ak rabè yo epi ogmante tarif yo pou reflete risk aktyèl la. Si nouvo FIRM ki an aplikasyon an gen BFE ki pi wo, rezidan ke biling yo pi ba pase nouvo nivo a ka peye kotizasyon ki pi gwo anpil pou asirans kont inondasyon.



2.6 LÈ FEMA BAY FIRM FINAL KI RANPLASE ABFE YO, ÈSKE Y'AP EGZIJE KOMINOTE'M NAN POU APLIKE FIS AK FIRM KI KORIJE YO?

Wi Chak fwa FEMA koriye FIRM ki an aplikasyon yo, kominote a dwe aplike oswa chanje règleman jesyon plèn inondab yo a pou antre nouvo done yo epi satisfè tout lòt egzijans jesyon plèn inondab. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou aplike FIRM yo nan depliyan *Adoption of Flood Insurance Rate Maps by Participating Communities (Aplikasyon Kat Asirans Inondasyon pa Kominote K'ap Patisipe yo)* FEMA a, (FEMA 495 – Septanm 2005).

3. ENPLIKASYON ASIRANS KONT INONDASYON

3.1 SI KOMINOTE YO APLIKE EPI ITILIZE ABFE YO, KIJAN SA AP AFEKTE PWOPRIYETÈ KOTIZASYON AK POLIS ASIRANS KONT INONDASYON YO?

Lè ou adopte nòm ki baze sou ABFE yo sa pap chanje zòn oswa nivo ki an aplikasyon konye a yo, epi kotizasyon yo ap kontinye evalye sou baz kat ki an aplikasyon aktyèl la ak nivo ki pi ba biling nan. Polis asirans kont inondasyon yo evalye lè yo itilize nivo inondasyon yo nan FIRM ki an aplikasyon aktyèl la. Tarif kotizasyon asirans kont inondasyon yo ka afekte pa Lwa Biggert-Waters sou Refòm Asirans kont Inondasyon 2012 la (wè Seksyon 3.2).

3.2 KISA K'AP RIVE TARIF K'AP RENOUVLE YO POU POLIS ASIRANS KONT INONDASYON KI EGZISTE DEJA YO SI FIRM YO KORIJE A LAVNI POU REFLETE NOUVO NIVO DLO KI PI WO?

Kòm yo mete kat inondasyon yo ajou, zòn inondasyon yo ak kotizasyon ki asosye yo ka chanje pou reflete nouvo risk inondasyon. Tarif yo ap afekte tou pa Lwa Biggert-Waters sou Refòm Asirans kont Inondasyon 2012 la, ki òdone eliminasyon sibvansyon kotizasyon asirans kont inondasyon yo ak rabè yo epi ogmante tarif yo pou reflete risk aktyèl la. Si nouvo FIRM ki an aplikasyon an gen BFE ki pi wo, yo ka egzije rezidan ke biling yo pi ba pase nouvo nivo a pou peye kotizasyon ki pi gwo anpil pou asirans kont inondasyon.

3.3. ÈSKE OGMANTASYON DEPANS POU BENEFIS KONFÒMITE (ICC: INCREASED COST OF COMPLIANCE) YO AP DISPONIB POU EDE KOUVRI DEPANS POU LEVE NIVO BILDING NAN?

Asirans ICC se yon kouvèti nòmal nan pifò polis NFIP yo. Asirans lan bay plis pase \$30,000 dola pou ede pwopriyetè kay yo diminye risk domaj kont pwochèn inondasyon lè yo leve nivo pwoteksyon kont inondasyon (pou biling ki pa rezidansyèl yo), demoli, oswa deplase biling oubyen kay yo pou respekte egzijans òdonans konstriksyon yon kominote lokal. Anplis pou kouvèti biling nan, kouvèti sa a pou reparasyon domaj inondasyon fizik aktyèl tou. Men, reklamasyon pèman total yo pa kapab depase limit legal yo. Donk, montan maksimòm ki ka



kolekte pou ICC ak domaj fizik kont inondasyon pou yon sèl famiy k'ap viv menm kote se \$250,000 dola.

3.4 SI YON KAY TE BATI AN KONFOMITE AK FIRM KI AN APLIKASYON AKTYÈL LA EPI LI TE DOMAJE ANPIL, ESKE ICC AP KOUVRI DEPANS POU MONTE NIVO BILDING NAN SELON BFE OSWA ABFE?

Wi, kelkeswa nivo kominote a adopte a epi l'ap mete an pratik atravè kominote a.

3.5 SI YO AJOUTE YON DEZYÈM ETAJ NAN KAY LA EPI YO KONVÈTI ETAJ KI PI BA A AN PAKING, DEPO, OSWA PÒT ANTRE, ESKE ELEVASYON TEKNIK SA A KALIFYE POU ICC?

Non. ICC ap kouvri'l sèlman si biling nan respekte definisyon asirans yon biling yo monte nivo'l.

3.6 SI YON PWOPRIYETÈ KAY DEMOLI YON KAY, ESKE PWOPRIYETÈ KAY LA KALIFYE POU PLIS PASE \$30,000 DOLA POU MONTE NIVO YON NOUVO KAY?

Wi, si elevasyon an selon BFE, BFE plis freeboard, oubyen ABFE a jan kominote a mande'l la epi biling nan nan yon plèn inondab ki katografye sou FIRM ki an aplikasyon aktyèl la. ICC ap kouvri plis pase \$30,000 dola pou tout konbinezon aktivete sa yo:

- Elevasyon
- Pwoteksyon kont Inondasyon (biling ki pa rezidansyèl sèlman)
- Chanjman zòn
- Demolisyon

3.7 SI YON KOMINOTE AP DEMOLI KAY KI DOMAJE, MEN LI PA DEMOLI DAL, ESKE ICC AP KOUVRI DEMOLISYON DAL LA?

Oui ICC ap kouvri demolisyón dal la men ICC pap kouvri depans demolisyón ki te déjà peye pa yon lòt sous finansman.

3.8 ÈSKE YO KA MONTE NIVO YON BILDING REZIDANSYÈL POU \$30,000?

Sa depann. Gen anpil faktè ki afekte depans ki asosye ak elevasyon nivo kay. Faktè tankou gwosè kay la, kalite konstriksyon ki enkli kalite fondasyon, kondisyon ak fòm kay la, kondisyon dal la, sèvis elevasyon piblik, epi wotè elevasyon an se sa ki pi enpòtan pou konsidere.



3.9 KI LOT RESOUS KI DISPONIB POU KOUVÈTI AK ELEVASYON ESTRIKTIRÈL ICC?

Resous ICC:

- National Flood Insurance Program Increased Cost of Compliance Coverage (Pwogram Asirans Nasyonal kont Inondasyon, Ogmantasyon Depans Asirans Konfòmîte), Guidance for State and Local Officials, (Liy Direktris pou Eta ak Ofisyèl Lokal) FEMA 301/Septanm 2003;
<http://www.fema.gov/library/viewRecord.do?fromSearch=fromsearch&id=1532>
- Increased Cost of Compliance (Ogmantasyon Depans Konfòmîte), F-663/Out 2002
<http://www.fema.gov/library/viewRecord.do?fromSearch=fromsearch&id=3009>
- Ou ka jwenn enfòmasyon sou Ogmantasyon Depans Konfòmîte (ICC: Increased Cost of Compliance) nan:
<http://www.fema.gov/national-flood-insurance-program-2/increased-cost-compliance-coverage>

Piblikasyon FEMA:

- Principles and Practices of Retrofitting Floodprone Residential Structures (Prensip ak pratik pou Renove Bilding Rezidansyèl ki Inondab), FEMA 259/Janvye 1999 ;
<http://www.fema.gov/library/viewRecord.do?fromSearch=fromsearch&id=1645>
- Homeowner's Guide to Retrofitting, Six Ways to Protect Your House from Flooding, (Gid Pwopriyetè Kay pou Renovasyon, Sis Fason pou Pwoteje Kay ou kont Inondasyon) FEMA 312/Jwen 1998;
<http://www.fema.gov/library/viewRecord.do?fromSearch=fromsearch&id=1420>

Piblikasyon sou Pwoteksyon kont Inondasyon USACE:

- Raising and Moving a Slab-on-Grade House with Slab (Monte nivo epi Deplase yon Kay an Dal sou Tè plen ak Dal), 1990
- Flood Proofing - How to Evaluate Your Options (Pwoteksyon kont Inondasyon - Kòman pou Evalye Opsyon ou yo), 1993
- A Flood Proofing Success Story Along Dry Creek at Goodlettsville, Tennessee (Yon Istwa sou Siksè Pwoteksyon kont Inondasyon nan Dry Creek nan Goodlettsville, Tennessee), 1993

Ou ka jwenn lòt piblikasyon sa yo nan sit entènèt sa yo:

<http://www.usace.army.mil/Missions/CivilWorks/ProjectPlanning/nfpc.aspx>



4. SISTÈM NOTASYON KOMINOTÈ

4.1 ESKE KOMINOTE'M NAN KA JWENN KREDI SELON SISTÈM NOTASYON KOMINOTÈ NFIP A (CRS: COMMUNITY RATING SYSTEM) POU APLIKASYON ABFE YO OSWA FREEBOARD?

Wi, Plizyè kominote nan kot New Jersey ak New York patisipe nan CRS, NFIP a. Moun ki asire nan kominote sa yo resevwa rabè sou kotizasyon asirans kont inondasyon paske kominote yo a ap reyalize pwogram jesyon plèn ki inondab yo ki depase egzijans minimòm NFIP yo.

Kominote yo ka resevwa kredi nan CRS poutèt yo adopte epi mete an aplikasyon ABFE yo oubyen poutèt yo adopte epi mete an aplikasyon egzijans freeboard yo. Kredi pou adopsyon ABFE yo ta dwe efektif jiskaske yon FIRM korije vin efektif.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou CRS nan:

<http://www.fema.gov/national-flood-insurance-program/community-rating-system>

5. APPLIKASYON ABFE YO NAN SIBVANSYON AK ASISTANS APRE KATASTWÒF FEMA

5.1. ÈSKE FEMA AP SÈVI AK ABFE YO POU PWOJÈ SIBVANSYON REKIPERASYON AK REDIKSYON RISK FEMA YO?

Wi, Aktivite Rekiperasyon ak Rediksyon risk ak pwogram FEMA yo dwe sèvi ak meyè done sou danje inondasyon ki disponib anvan angajman fon federal yo.

5.2 POUKISA FEMA DWE SÈVI AK ABFE YO POU PWOGGRAM SIBVANSYON AK ASISTANS APRÈ KATASTWÒF FEMA YO?

FEMA ap fè aksyon pou diminye risk pèt apre inondasyon, minimize enpak inondasyon sou sekirite moun, sante ak byenèt, epi restore e prezève valè ki natirèl epi salitè ki itil a plèn inondab yo lè yo egzekite pwogram nou yo. FEMA bay sibvansyon pou sipòte konstriksyon, reparasyon, reabilitasyon ak/oswa amelyorasyon nan plèn inondab ki afekte yo ki anba Dekrè Egzekitif 11988, ki kodifye nan Pati 9 CFR 44 la. Yo egzije FEMA pou li swiv yon pwosesis pou pran desizyon an 8 etap pou tout aksyon ki gen potansyèl pou afekte plèn ki inondab yo epi li dwe enplike piblik la nan tout pwosesis pou pran desizyon. FEMA ap fè gwo envestisman pou ede kominote yo rekipere kont enpak Siklòn Sandy. Responsablité FEMA se pou asire'l ke envestisman Federal la pridan, solid epi baze sou meyè enfòmasyon syantifik ki disponib. Sa diminye tou rezistans kominote ki gen rapò ak rekouvreman, enstalasyon ak evalyasyon etablisman ki enpòtan ak lòt pwojè restorasyon enfrastrikti FEMA epi sa ap ede oryante desizyon konsènan rekiperasyon ak rediksyon danje nan zòn ki afekte yo pou diminye domaj a lavni.



5.3 KIJAN FEMA AP SÈVI AK ABFE YO NAN PWOGGRAM REDIKSYON RISK AK REKIPERASYON YO?

FEMA ap sèvi ak ABFE yo pou detèmine limit zòn inondasyon ak nivo minimòm elevasyon kont inondasyon yo egzije pou pwojè ki elabore epi nòm pèfòmans yo. Sa enkli itilizasyon ABFE yo pou detèmine si yon aktivite lojman tanporè plase nan yon plèn ki inondab. Sa aplike pou plasman lojman tanporè yo (THU: temporary housing units) ak devlopman gwoup lojman ak kalite lojman tanporè ki pa tradisyonèl yo.

5.4 SI ÒDONANS POU JESYON PLÈN KI INONDAB YO PI ESTRIK PASE ABFE FEMA YO, KI NÒM FEMA AP ITILIZE POU DESIZYON ASISTANS AK SIBVANSYON APRÈ DEZAS?

Aktivite sibvansyon FEMA finanse ak pwojè yo dwe konsistan ak egzijans, lwa ak òdonans Federak, Leta, ak Lokal yo. Si kòd lokal ak nòm yo pi estrik pase pa ABFE yo, pwojè a dwe elabore selon nòm ki pi siperyè a.

5.5 KISA K'AP RIVE SI PI BON DONE KI DISPONIB LA CHANJE?

Fòk nou atann nou ke sa ki konstitye pi bon done a ka chanje pandan pwosesis rekiperasyon an. Okenn pwojè pa dwe konstwi selon yon nòm jesyon plèn ki inondab ki pa konsistan ak NFIP a oswa ki gen mwens restriksyon ke règleman kominate jesyon plèn ki inondab yo, pou li konsistan ak règleman FEMA yo (44 CFR 9.11(d)(6), Ou dwe konsidere enfòmasyon sa yo lè w'ap pran desizyon rekiperasyon.